

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Salahsahiji cara pikeun ngariksa budaya Sunda nya éta ku medar karya sastrana, contona wawacan nu mangrupa karya sastra buhun. Ieu panalungtikan ngaguar struktur jeung bébédaan pupuh dina naskah “Wawacan Said Saman” pikeun dijadikeun bahan pangajaran kréativitas sabada maca wawacan di SMA kelas XI.

Métode nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta déskriptif analitik. Nu jadi sumber data dina ieu panalungtikan téh nya éta naskah “Wawacan Said Saman” nu mangrupa naskah fotokopian, koléksi Ibu Hj. Ruhaliah salaku Dosén Pendidikan Bahasa Sunda di UPI. Kandelna ieu naskah aya 242 kaca nu diwangun ku 1.048 tina 10 pupuh. Pupuh nu dipaké dina ieu wawacan nya éta Asmarandana, Sinom, Pucung, Magtru, Kinanti, Pangkur, Dangdanggula, Durma, Mijil, jeung Maskumambang.

Struktur carita nu dianalisis dina “Wawacan Said Saman” ngawengku téma, galur, latar, jeung tokoh. Lian ti éta, ngaguar ogé bébédaan pupuh sacara tiori jeung dina naskah, tuluy ditataan sasmita pupuhna.

Téma dina ieu carita nya éta perjuangan Said Saman pikeun néangan Said Iyar, jeung perjuangan pikeun ngakurkeun nagara nu peperangan alatan parebut awéwé.

Tokoh dina ieu carita kabagi tilu nu ngawengku tokoh utama, tokoh marengan, jeung tokoh tambahan. Tokoh utama dina ieu carita nya éta Said Saman jeung Said Iyar. Tokoh marenganna nya éta Raja Pérsan, Mirat Ratna, Rukinah Wati, jeung Amir Mahmud. Tokoh tambahanna aya Radén Mar'un, Dulahab Aji, Keluarga Harman, Patih Hamsar, Raja Mesir, Raja Kalamu Basir, Raja Samarkan, Ratna Payung, Raja Mina, Raja Dolim, Raja Ab'ad, Raja Erum, Déwi Mariyah, Raja Birman, Raja Kinén jeung Patih Mahjan.

Galur dina ieu carita nya éta galur mérélé, nyaritakeun lalakon ti mimiti ngawanohkeun tokoh nepi ka pungkasan. Latar dina ieu carita ngawengku latar tempat, waktu, jeung suasana. Latar tempat di antarana Nagri Pérsan, Leuweung Tegal Étama, Leuweung Hanjor, Sumur Éden, Leuweung Gerotan, Nagri Surandil, Leuweung Kai,

Nagri Mesir, Nagri Keling Ajam, Tegal Madhur, Leuweung Ganggong, Nagri Samarkan, Kampung Karang Badri, Nagri Mina, Nagri Angganistan, Nagri Erum, jeung Leuweung Solok Karamat. Latar Waktu dina ieu carita kabagi dua, nya éta sacara diménsi nu ngawengku opat puluh peuting, 1.000 warsa jeung 900 warsa, dua sasih, sabulan, lima wengi, jeung salapan laksa warsa. Waktu nu nunjukkeun titimangsa nya éta burit, tabuh genep, pagéto, isukna, tabuh lima subuh, jeung malem jumaah. Latar suasana dina ieu carita nya éta bungah, sedih, prihatin, nalandga, rebut, ramé, careurik, raruksak, ripuh, jeung miskin.

Dina ieu naskah kapanggih 102 bédéaan pupuh sacara tiori jeung dina naskah, nu mangrupa kurang jeung leuwihna padalisan. Ieu wawacan téh teu sakabéhna maké sasmita pupuh. Tina 31 nomer pupuh, aya 19 sasmita pupuh nu kapanggih, di antarana Pupuh Asmarandana, Sinom, Kinanti, Pucung, Magatru, Pangkur, Durma, jeung Mijil.

Wawacan Said Saman luyu pikeun dijadikeun bahan pangajaran kréatifitas sabada maca wawacan di SMA kelas XI, sabab basana basajan jeung babari dipikaharti.

5.2 Implikasi

Sabada nengetan jeung nganalisis filologi jeung struktur dina “Wawacan Said Saman”, pikeun widang atikan dipiharep bisa ngajembaran pangaweruh siswa, bisa maham kana eusi carita “Wawacan Said Saman” jeung bisa apal struktur carita nu aya di jerona.

5.2 Rékoméndasi

Wawacan mangrupa karya sastra buhun nu diwangun ku pupuh. Salaku karya sastra buhun, wawacan perlu dimumulé sangkan teu leungit. Lian ti éta, panalungtik miboga rékoméndasi pikeun pihak-pihak nu aya patalina jeung ieu panalungtikan, di antarana:

1) Pikeun Pihak Departemén Pendidikan Bahasa Sunda

Pikeun pihak Departemén Pendidikan Bahasa Sunda, dipiharep bisa gawé bareng jeung mahasiswa pikeun ngumpulkeun naskah-naskah nu masih aya di masarakat sangkan teu dipiceun.

2) Pikeun Panalungtikan Saterusna

Naskah “Wawacan Said Saman” mangrupa naskah jamak. Masih aya naskah nu sarua nu bisa dijadikeun bahan panalungtikan.

3) Pikeun Guru Basa Sunda

Hasil panalungtikan naskah wawacan dipiharep bisa dijadikeun bahan pangajaran di sakola, sangkan dina nepikeun matéri wawacan henteu maké wawacan nu geus kawéntar wungkul.